



# Cheni Papiyon a Ke Mawon


Fèy Enfòmasyon



Cheni papiyon a ke mawon gen ti plim pwazon ki lakoz reyakson nan po ki sanble avèk pwazon venime ak lòt reyakson ki pi grav.

Cheni yo ka rive nan 1.5 pouz nan longè epi yo mawon avèk yon bann blan kase sou chak bò ak de tach wouj/zoranj sou bò dèyè.

Imaj nan Maine Forest Service




Cheni yo aktif nan mitan mwa Avril jiska nan kòmansman Oktòb. Plim yo rete toksik pou jiska twazan.

## Siy ak Sentòm yo




Gratèl Po



Respirasyon ak Lòt pwoblèm Respirasyon

Kontak dirèk avèk plim yo ka lakoz yon gratèl po lokalize ki ka dire kèk èdtan pandan anpil jou. Gratèl la ka wouj, aksidante, ak grate. Sèten moun ka gen yon fòm ki pi grav nan gratèl la ki ka dire pandan kèk semèn. Nan kèk ka, yo ka vale plim yo epi sa ka lakoz pwoblèm respiratwa. Gratèl la transmèt ant yon moun a yon lòt.



Pa gen okenn tretman spesifik nan gratèl cheni papiyon a ke mawon. Remèd nan kay ka ede avèk sentòm yo. Sa a ka gen ladan yon beny dlo frèt avèk bikabonat, krèm idwo-kòtizòn, ak losyon kalamin. Si ou gen difikilte pou respire, vale, oswa bouch, lang, oswa gòj ou te anfle, rele 9-1-1.


# Prevansyon



Pran yon beny dlo frèt epi chanje rad ou apre ou fin fè aktivite nan zòn ki genyen cheni papiyon a ke mawon pou lave nenpòt cheve.



Mete yon mask, linèt pwoteksyon, ak an jeneral lè wap fè nenpòt aktivite ki kapab siseptib pou retire nenpòt plim cheni papiyon a ke mawon, tankou rale fèy avèk rato.




Seche rad andedan pandan mwa Jen ak Jiyè pou anpeche plim cheni papiyon a ke mawon pa rantre sou rad yo.



Fè travay lakou ak taye nan jou ki gen lapli kidonk plim cheni papiyon a ke mawon pa ajite.

# Kontwòl



Koupe twal cheni papiyon a ke mawon nan ivè ak nan kòmansman prentan



Awoze deyò kay la ki gen cheni avèk kawotchou epi vakyòm avèk yon filtè vakyòm HEPA



Anboche yon aborikiltè/aplikatè pestisid apwouve

Apre ou fin koupe twal yo, detwi yo lè ou tranpe yo nan dlo savon. Anplwaye yon moun pou trete pyebwa ki afekte yo anvan fen mwa me pou anpeche devlopman plim toksik yo. Itilizasyon pestisid nan mwens pase 250 pye bò kote dlo marin entèdi.

# Pou Plis Enfòmasyon, Vizite:



1. [www.maine.gov/dhhs/brownetailmoth](http://www.maine.gov/dhhs/brownetailmoth) (Enkli Kesyon yo Poze Souvan yo)
2. [www.maine.gov/dacf/mfs/forest\\_health/invasive\\_threats/browntail\\_moth\\_info.htm](http://www.maine.gov/dacf/mfs/forest_health/invasive_threats/browntail_moth_info.htm) (Gen ladan kat risk pou papiyon dennwit.)

Ou ka kontakte tou 211 Maine lè ou konpoze 211, tèks kòd postal ou nan 898-211, oswa imèl [info@211maine.org](mailto:info@211maine.org) pou w jwenn plis enfòmasyon.